

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Tatar Sunda kakoncara ku rupa-rupa adat istiadat anu ilaharna ngabogaan prinsip-prinsip, nyaéta narima kana ayana pola pikir manusa, pola kalakuan jeung hasil kalakuan manusa ku aturan meunang diajar jeung sakabéhna disusun dina kahirupan masarakat (Widagdho, 2004, kc. 20). Éta téh mangrupa ciri yén masarakat Sunda masih kénéh maké adat istiadat anu geus diwariskeun ku luluhurna. Sok sanajan dina éksisténsina beuki dieu beuki ngaloncéran. Unggal adat istiadat tangtu miboga ciri has séwang-séwangan dina ngalaksanakeunana.

Salah sahiji masarakat anu nyekel tukuh kana adat istiadat anu aya di tatar Sunda nyaéta Kampung Adat Naga Tasikmalaya Jawa Barat. Masarakat Kampung Naga ngabogaan upacara adat anu kawilang loba jeung geus disusun unggal taunna. Hal ieu téh geus lumangsung ti ratusan taun ka tukang ogé dina waktu keur kahareupna. Ku sabab upacara adat atawa tradisi éta keur masarakat Kampung Naga dipiara jeung dijaga sok sanajan aya di antara modernisasi masarakat disabudeureunana (Suryani & Charliyan, 2010, kc. 77).

Kampung Naga pernahna aya di antara gawir-gawir daerah Salawu, anu daerahna kawilang nyumput sarta jauh ka jalan raya anu matak kecap *naga* téh sok dikiratakan jadi kecap *na-ga-wir*. Kaayaan di Kampung Naga kacida simpéna. Masarakatna anu tumuwuh jeung alam sarta ngajaga sagala hal anu patali jeung alam disabudeureuna. Dina aspek kultural masarakat Kampung Naga ngabogaan sababaraha adat istiadat anu bisa kapanggih jeung sacara jelas bisa ditalungtik dina wong sababaraha rupa upacara adat. Éta adat istiadat téh méré sawangan ngeunaan kaayaan ajén-inajén anu dianut ku masarakatna. Salah sahijina nyaéta tradisi upacara hajat sasih (Suganda, 2006, kc. 15).

Upacara hajat sasih mangrupa ritual anu dilakukeun ku sakabéh masarakat Kampung Naga dina waktu anu anu geus ditangtukeun. Ieu upacara hajat sasih téh lumangsung genep kali dina sataun anu waktuna geus matok. Waktu lumangsungna upacara hajat sasih nyaéta bulan Muharram, Mulud, Jumadil Akhir, Rewah, Syawal jeung Rayagung. Ieu ritual téh lumangsung ngan sapoé pikeun ngalaksanakeun éta upacara hajat sasih. Upacara hajat sasih dipahing

lumangsung dina waktu anu sarua jeung kagiatan-kagiatan séjén, anu ilaharna geus matok dilakukeun ku masarakat Kampung Naga. Ku kituna lamun kabeneran waktuna béntrok jeung adat istiadat nu séjén, éta upacara hajat sasih teu bisa dipundurkeun atawa dipajukeun (Suganda, 2006, kc. 15).

Upacara hajat sasih ditilik tina tujuh unsur kabudayaan nurutkeun (Koentjaraningrat, 1990, kc. 1) ngurung dina sistem réligi jeung upacara, sistem élmu pangaweruh jeung sistem téhnologi jeung pakakas. Sistem réligi anu katitén tina ieu upacara hajat sasih mangrupa ébréhan rasa sukur ka nu maha suci anu geus méré sagala rupa rizki anu patali jeung alam sabudeureunana. Dina ieu ritual tangtu ngabogaan makna atawa harti anu tujuanana méré pangaweruh ka masarakat sangkan hirup luyu jeung kaayaan adat istiadat anu geus aya ti jaman luluhur (*karuhun*). Unggal kagiatan tangtu mikabutuh alat (pakakas). Kitu deui, dina upacara hajat sasih ieu ngagunakeun alat pikeun lumangsungna ieu kagiatan nyaéta sapu nyéré.

Saéstuna anu jadi cukang lantaran milih objék kajian upacara hajat sasih nyaéta miboga tujuan pikeun ngawanohkeun adat istiadat ka masarakat umum jeung ngabogaan fungsi sangkan masarakat umum daék mikawanoh hal-hal naon waé anu nyangkaruk dina ieu adat istiadat. Sarta tarékah pikeun ngawanohkeun adat istiadat anu nepi ka kiwari aya di sabudeureun masarakat Sunda tur wanoh jeung daék ngajaga atawa ngamumulé kabudayaan anu geus nyampak. Buktina masarakat lian ti anu cicing di sabudeureun Kampung Naga ngan saukur apal kana adat istiadat anu dilakukeun sapopoé ku masarakat Kampung naga. Salah sahiji adat istiadat anu kurang dipikawanoh ku masarakat umum téh nyaéta Upacara Hajat sasih mangrupa salah sahiji adat paling gedé di Kampung Naga anu nepi ka kiwari masih kénéh dilakukeun dina waktu anu tangtu ku masarakatna (wawancara, 04 oktober 2018 ka salah sahiji tokoh di Desa Neglasari wastana Pa Endut).

Sangkan upacara hajat sasih dipikanyaho ku balaréa, salah sahiji tarékahna ku cara ngaliwatan atikan. Éta tarékah téh ditepikeun di sakola ngaliwatan pangajaran maca basa Sunda anu miboga udagan sangkan siswa kairut ku pangajaran basa Sunda jeung reueus mikanyaho salah sahiji adat istiadat anu aya di tatar Sunda.

Aya sawawatara judul panalungtikan di Kampung Naga anu dilaksanakeun ku para mahasiswa anu miboga karesep kana kabudayaan anu wujudna skripsi. Di dieu bakal ditataan panalungtikan anu diayakeun di Kampung Naga di antarana *Ajén Estetika dina Arsitektur Imah Adat Kampung Naga Desa Neglasari Kecamatan Salawu Kabupaten Tasikmalaya Pikeun Bahan Ajar Maca Artikel Budaya Kelas XII* (Skripsi Dewi Kaniawati: 2013), *Sistem Pakasaban Masarakat Kampung Naga: Kajian Ajén Inajén Lokal Masarakat Kampung Naga, Tasikmalaya minangka Landasan Sosial Budaya Pendidikan Nasional* (Skripsi Dewi Lida Aini: 2014), *Sistem Ngawariskeun Ajén Atikan Kulawarga jeung Kamasarakan di Kampung Naga pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA* (Skripsi Firman Fauzi: 2014), *Sistem Pendidikan Religi Masarakat Kampung Naga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca di SMA* (Skripsi Agung Setiana: 2014), *Sistem Peralatan dan Teknologi Masarakat Kampung Naga Untuk Alternatif Bahan Ajar Membaca Artikel Budaya di SMA Kelas XII* (Skripsi Andini Isti Syafitri: 2014).

Dumasar kana panalungtikan anu geus diayakeun saméméhna, ieu panalungtikan tangtu miboga unsur-unsur anu bédha. Ieu panalungtikan ngaguar atawa ngadeskripsiun kalungguhan, prak-prakan jeung larapan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA tina salah sahiji adat istidat nu aya di Kampung Naga nyaéta Upacara Hajat Sasih.

Niténan kana panalungtikan anu geus dipedar di luhur, acan aya anu nalungtik ngeunaan upacara hajat sasih di Kampung Naga. Ku alatan éta diayakeun panalungtikan ngeunaan “Upacara Hajat Sasih di Kampung Naga Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA”

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar di luhur, aya sababaraha pasualan anu kudu diidentifikasi saperti ieu di handap.

- 1) Masarakat kurang mikawanoh kana adat istiadat anu geus nyampak di tatar Sunda salah sahijina Upacara Hajat Sasih. Padahal éta adat istiadat téh tangtu miboga tujuan, fungsi jeung makna anu nyangkaruk disajeroeuna.

Anapon dina ieu panalungtikan leuwih museur kana asal muasal, prak-prakan sarta tujuan anu kapanggih dina Tradisi Upacara Hajat Sasih.

- 2) Kurang mahamna masarakat Sunda kana adat istiadat naon waé anu nepi ka kiwari lumangsung di tatar Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar identifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah jeung kamekaran upacara hajat sasih di Kampung Naga?
- 2) Kumaha prak-prakan upacara hajat sasih di Kampung Naga?
- 3) Naon tujuan katut peran jeung fungsi upacara hajat sasih pikeun masarakat Kampung Naga?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA?

1.3 Tujuan Penelitian

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta méré informasi ka masarakat ngeunaan Upacara Hajat Sasih di Kampung Naga Tasikmalaya sarta tarékah ngirut masarakat sangkan hayang jeung daék ngamumulé kabudayaan anu aya di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

- 1) Pikeun maluruh jeung ngadéskripsiéun sajarah Tradisi Upacara Hajat Sasih di Kampung Naga Tasikmalaya;
- 2) Struktur dina Tradisi Upacara Hajat Sasih di Kampung Naga Tasikmalaya; sarta
- 3) Larapan hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan dipiharep ngalegaan pangaweruh ngeunaan tradisi masarakat Sunda di Jawa Barat boh pikeun panalungtik boh keur guru jeung siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangfaat Praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Panalungtik dipiharep bisa nambah pangaweruh sangkan ngarti jeung daék ngamumulé budaya di tatar Sunda anu kacida pentingna.
- 2) Guru dipiharep bisa nepikeun bahan ajar ngeunaan kabudayaan ngaliwatan maca artikel.
- 3) Siswa dipharep bisa nambah pangaweruh ku cara maca artikel tradisi anu aya di tatar Sunda jeung méré motivasi ka siswa sangkan ngarojong kana usaha ngariksa budaya Sunda.

1.4.3 Mangfaat Isu jeung Aksi Sosial

Pikeun ngawanohkeun kabudayaan anu aya di wewengkon sorangan sarta méré informasi ka sakabéh pihak pikeun pangdedeul nepi ka jadi bahan di lembaga-lembaga formal atawa nonformal ngeunaan upacara hajat sasih anu aya di Kampung Naga Tasikmalaya.

1.4.4 Mangpaat pikeun Kawijakan

Upacara hajat sasih anu aya di Kampung Naga Tasikmalaya mangrupa adat istiadat anu nepi ka kiwari masih dilakukeun ku masarakatna. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi tur bisa ngaronjatkeun kahayang jeung kereteg masarakat mikanyaho kana adat istiadat anu kudu di jaga. Ku kituna ngaliwatan ieu panalungtikan pamaréntah bisa nyieun agénda kagiatan anu maneuh ti Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan (Disparbud) sangkan wisatawan anu hayang nyaksian unggal adat istiadat mikanyaho waktu dilaksanakeunana adat istiadat anu aya di lingkungan sabudeureunana. Salah sahijina upacara hajat sasih anu aya di Kampung Naga Tasikmalaya.

1.5 Raraga Tulisan

Sabada réngsé nganalisis tahap ahir tina panalungtikan nyaéta nyusun laporan dina wangu skripsi. Dina raraga tulisan diébréhkeun jadi sababaraha bab anu kabagi jadi 5 bab, nyaéta:

Bab I mangrupa tahap munggaran atawa tahap bubuka anu eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta anu pamungkas nyaéta raraga tulisan.

Bab II mangrupa bab anu medar tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan anu ngawengku kabudayaan, déskripsi Kampung Naga, déskripsi upacara hajat sasih, jeung pangajaran maca.

Bab III mangrupa bab anu medar sumber panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun ngeunaan asal muasal ayana upacara hajat sasih di Kampung Naga, prak-prakan upacara hajat sasih di Kampung Naga, tujuan katut peran jeung fungsi upacara hajat sasih di Kampung Naga sarta bahan pangajaran maca artikel di SMA.

Bab V mangrupa bab pamungkas anu medar kacindekan jeung saran anu eusina kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran pikeun panalungtikan satuluyna.